

# **PARAMASASTRA BASA JAWI**



**DENING :**

**EDY SUSILO, M.Pd**

**PUSAT PEMBINAAN DAN PENGEMBANGAN  
BAHASA DAN BUDAYA JAWA  
UNIVERSITAS KANJURUHAN MALANG  
2007**

## ATUR PAMBUKA

Puji syukur kawula aturaken dumateng Gusti Inggang Akarya Jagad, Murbeng Dumadi, lan Maha Kinasih, inggang sampun paring kanugrahan arupi karahayon dumateng kawula, sahingga saged ngimpun makalah kangge nularaken kawruh basa Jawi wonten ing adicara inggang badhe kelaksanan dening “*Pusat Pembinaan dan Pengembanagan Bahasa dan Budaya Jawa Universitas Kanjuruhan Malang*”.

Mangertosi basa Jawi boten badhe rugi, awit kathah sanget atur lan pitutur, wewarah inggang arupi sandi lan sasmita inggang kaserat ing tembang, parikan, sesanti, bebasan, saloka, ugi samubarangipun. Jarwane sedaya sasmita kala wau saged kawedhar menawi kulo lan panjenengan mangertosi kawruh basa Jawi.

Seseratan punika ngewrat basa Jawi *Paramasastra*, inggih punika medharaken ukara inggang adhedhasar tembung, lingga, lan aksaranipun. Senaosa ringkes ing pangajab sageda ngewrat sekedhik sarinipun kurikulum basa Jawi inggang wonten pawucalan ugi kawruh basa Jawi ing bebrayan umum.

Mugi-mugi seseratan meniko saged paring biyantu dhumateng para sutresna inggang badhe ngudi, marsudi, lan memetri basa Jawi sageda lestari. Kajawi saking puniko pangimpun sanget ngajeng-ajeng panyaruwe panjenengan para sutresna lan wicaksana sageda paring sumbangsih lan pamanggih, amrih sampurna ing wedalan salajengipun.

Wusana cekap semanten atur pambuka, mugi-mugi sageda murakabi lan migunani dumateng sinten kemawon inggang ngginakaken. Nuwun.

Malang, 6 Oktober 2007

Pangimpun

## ***DHEDHAPUKANING TEMBUNG***

**AKSARA** → **WANDA** → **TEMBUNG** → **UKARA**  
(Ind : huruf) (Ind : Suku kata) (Ind : kata) (Ind : kalimat)  
**(Ukara kadhapuk saka tembung, tembung dumadi saka wanda, lan wanda dumadi saka aksara)**

### ***A. TEMBUNG LAN JINISE***

Miturut golonganing tembung ana 10 warna :

1. **Tembung Aran** (kata benda)  
Tuladha : - radio, kursi, meja, montor, lsp.
2. **Tembung Kriya** (kata kerja)
  - a. **Tembung Kriya Wantah**  
Tuladha : - lunga, tangi, lungguh, turu, weruh, lsp.
  - b. **Tembung Kriya Mawa Ater-ater Hanuswara** (kriya tanduk)  
Tuladha : - nulis, medhang, nyadhuk, natahi, nyaponi, ngethoki, nibakake, nyimpenake, ngunggahake, lsp.
  - c. **Tembung Kriya Mawa Ater-ater Tripurusa ; dak-, kok-, di-** (kriya tanggap)  
Tuladha : dijupuk, didusi, ditukokake  
dakpidak, daktaleni, daksisihake  
kokkethok, kokthetheli, kokunggahake, lsp.
  - d. **Tembung Kriya Mawa Ater-ater ka-** (kriya tanggap)  
Tuladha : kabanda, kagawa, kadandanan katulungan, kacritakake, lsp.
  - e. **Tembung Kriya Mawa Seselan –in-** (kriya tanggap)  
Tuladha : binuru, cinubles, binoyongan, cinaritan, ginawakake, lsp.
  - f. **Tembung Kriya Mawa Panambang –an**  
Tuladha : jagedan, bebedan, lungguhan, rembugan, lsp.
3. **Tembung Sesulih** (kata ganti)  
Tuladha : aku, kulo, dalem, kowe, sliramu, sampean, panjenengan, dika, paduka, sira, dheweke, slirane, panjenengane, kita, lsp.
4. **Tembung Wilangan** (kata bilangan)  
Tuladha : enem, limo, setengah, sethithik, lsp.
5. **Tembung Sipat/Kahanan** (kata sifat)  
Tuladha : bagus, apik, seneng, susah, abang, putih, lsp.
6. **Tembung Katrangan**  
Tuladha : ngisor, ndhuwur, wetan, kulon, lsp.
7. **Tembung Sabawa/Panguwuh** (kata seru)  
Tuladha : wah, adhuh, lho, eh, lsp.

## 8. Tembung Sandangan

Tuladha : si, sang, raden, kyai, lsp.

## 9. Tembung Panyambung/Panggandheng (kata sambung)

Tuladha : lan, sarta, wusana, nanging, banjur, lsp.

## 10. Tembung Pangarep/Ancer-ancer (kata depan)

Tuladha : saka, menyang, ing.

### **B. PAMILAHE TEMBUNG**

#### **I. Tembung Lingga** (kata dasar) yaiku tembung sing durung owah saka asale.

(1 wanda, 2 wanda, 3 wanda, lsp)

Tuladha :

- mur, gas, rak, bak, lsp (1 wanda)
- tuku, meja, omah, lsp (2 wanda)
- negara, keraton, gamelan, lsp (3 wanda)

#### **II. Tembung Andhahan** (kata jadian) yaiku tembung sing wis owah saka asale.

Tuladha : mlayu, omahe, piwulang, tulisan, lsp.

**Tembung Andhahan :**

- lingga + ater-ater ( awalan)
- lingga + seselan (sisipan)
- lingga + panambang (akhiran)
- lingga + pangrangkep (kata ulang)
- dwipurwa
- dwilingga
- dwiwasana

### **PAMILAHE TEMBUNG ANDHAHAN :**

#### **1. Ater-ater : imbuhan sing mapan ing sangareping tembung lingga.**

##### **(1) Tembung mawa ater-ater a- (tanpa hanuswara)**

Barsana arep *adu* kapinteran  
Bocah wadon iku *acundhuk* mentul  
Geni iku *asipat* panas lan padhang  
Kebo iku *atracak* belah

##### **(2) Tembung mawa ater-ater a- (mawa Hanuswara)**

###### **a. Tembung mawa ater-ater m- (am-, ham-)**

Baryati *munthes* pupus wit gedhang  
Kucing *mandeng* tikus  
Sartini *methik* kembang mlathi  
Sutikno *mancing* iwak wader

**Dudutan** : tembung kang apurwa aksara p, w, yen oleh ater-ater hanuswara m-, p, w luluh dadi m.

**b. Tembung mawa ater-ater n- (an-, ham-)**

Hardana *natah* kayu  
Jumadi *nunggang* jaran  
Karmana *nampa* layang  
Suwarni *nembang* pucung

**Dudutan** : tembung kang apurwa aksara t, th, s, yen oleh ater-ater hanuswara n-, t, th, s luluh dadi n.

**c. tembung mawa ater-ater ny- (any-, hany-)**

Bantheng *nyundhang* wedhus berok  
Darmadi *nyendhal* tali lawe  
Kebo *nyusu* gudel  
Kucing *nyolong* dhendheng

**Dudutan** : tembung kang apurwa aksara s, c, yen oleh ater-ater hanuswara ny-, s, c luluh dadi ny.

**d. tembung mawa ater-ater hanuswara ng- (ang- hang-)**

Bebek-bebek *ngambang* ing banyu  
Pak Reksa *ngurung* bekisar  
Asu belang *nggondhol* balung  
Bayi iku wis *nglilir*

**Dudutan** : tembung kang apurwa aksara kedwibahasaan, yen oleh ater-ater hanuswara ng-, k luluh dadi ng.

**(3) Tembung mawa ater-ater ma-**

**a. tembung mawa ater-ater ma- (tanpa anuswara)**

Aku lan kowe kudu seneng *makarya*  
Pak Karta *magawe* ing sawah  
Siswanto seneng *maguru* menyang gunung

**b. tembung mawa ater-ater ma- (mawa hanuswara)**

Banyu karo lenga ora bisa *manunggal*  
Bethara Wisnu *manitis* marang Kresna  
Wong-wong padha *manembah* marang Gusti  
Sutini *manyidhuk* banyu ing kali  
Arjuna *mamanah* celeng ireng  
Omah joglo kae marep *mangulon*

**Dudutan** : tembung kang apurwa aksara t, yen oleh ater-ater ma- mawa hanuswara, t luluh dadi n, c utawa s luluh dadi n utawa ny, p lan w luluh dadi m, k luluh dadi ng.

**(4) Tembung mawa ater-ater : dak-, kok-, di- (tripurusa)**

Buku iku *daktuku* limangewu rupiah  
Crita iku *dakwaca* batin  
Duwit iku ora kena *kokutang* lho !  
Jadah iki ojo *kokiris* dadi papat !  
Bocah iku seneng *dialem* wong

**(5) Tembung mawa ater-ater pa-**

**a. tembung mawa ater-ater pa- (tanpa hanuswara)**

Aku oleh *pasumbang* saka wong sugih  
Desa iki tau ana *pageblug*  
Saiki wis mangsa *paceklik*  
Suwati wis *pasrah* marang simbok

**b. tembung mawa ater-ater pa- (mawa hanuswara)**

Aku ora duwe *panacad* marang wong iku  
Wong desa kene duwe *panuwun* kabeh  
Sapa sing dadi *pamedar* sabda ?  
Pak Warsa dadi abdi *pangiwa*

**Dudutan** : tembung kang apurwa aksara t, yen oleh ater-ater pa- mawa hanuswara, t luluh dadi n, c utawa s luluh dadi n utawa ny, p lan w luluh dadi m, k luluh dadi ng.

**(6) Tembung mawa ater-ater pi-**

Saben wong duwe *piandel* dhewe-dhewe  
Aku sinau kabeh *piwulang*  
Iku kabeh *piwales* kanggo aku  
*Pisowan* kulo boten dangu

**(7) Tembung mawa ater-ater sa-**

Aku libur *sadina*  
Bakri kulak duren *sapikul*  
Beras iki mung kari *sajimpit*  
Yu Minah adol pelem *sakranjang*

2. **Seselan** : imbuhan sing mapan ing satengahing tembung lingga.

**(1) Tembung mawa seselan -in-**

Damarwulan *jinunjung* dadi ratu ing Majapahit  
Kang *cinarita* negara ing Maespati  
Layang iki *tinulis* kanggo katresnanku  
Manten putri *binoyong* menyang Dwarawati

**(2) Tembung mawa seselan -um-**

Bocah-bocah *gumuyu* kekel  
Gendul iku *sumeleh* ing duwur lemari  
Lampu iku *gumantung* ing pangeret  
Tangan tengen *tumumpang* ung dhengkul

**(3) Tembung mawa seselan –el-**

Buta-butah pating *gelidrah*  
Bocah-bocah pating *jelerit*  
Obor ing gunung pating *gelebyar*  
Kuthuk iku *kelelep* ing banyu

**(4) Tembung mawa seselan –er-**

Kathok abang iku pating *terembel*  
Lampu gantung pating *gereyong*  
Pelem ing kebon kae pating *gerandhul*  
Pundhak sisih tengen iki pating *cerekot*

3. **Panambang** : imbuhan sing mapan ing saburining tembung lingga.

**(1) Tembung mawa panambang –a**

*Banjira* kae aku tetep arep golek iwak menyang kali  
Kowe *balia* mrenged dino iki !  
Kowe *lungguha* ing kursi kene !  
*Suweka* kae dhuwit iki isih payu

**(2) Tembung mawa panambang –an**

Bocah-bocah padha *bedhekan*  
Bocah cilik iku seneng *dolanan*  
Susanto lan Basuki lagi *rembugan*  
Warsana lagi *lungan* menyang sabrang  
Wong iku nampa bayar *sasen*  
Klambi iku ora nganggo *gulon*  
Marsusi tuku dhasi *kupon*

**Dudutan** : panambang –an kang dumunung ing saburining tembung awasana  
a, i, u, e, o, swara a luluh dadi a, swara i luluh dadi e, swara i luluh  
dadi o.

**(3) Tembung mawa panambang –ana**

Bayem ing buri kae *siramana* !  
Geni ing anglo kae *tepasana* !  
Kringet ing gulu iki *usapana* !  
Kursi bejat iku *dandanana* !

**(4) Tembung mawa panambang –na**

Aku *kulakna* rokok menyang toko !  
Andhong iku *undurna* sethithik !  
Banyu iki *siramna* kembang mawar kae !  
Sumitro *jalukna* pelem gadung !

**(5) Tembung mawa panambang –en**

Brambang iki *rajangen* !  
Etung kuwi *garapen* !  
Klambi iku *kumbahen* !  
Pacul kuwi *gawanen* mulih  
Buku kuwi *wacanen* !  
Kayu kuwi *grajinen*!

**Dudutan:** panambang –en sing dumunung ing tembung kang awasana a, i, u, e, o, -en owah dadi -nen.

**(6) Tembung mawa panambang -ake (-ke)**

Etung sing luput iki *dibenerake* (benerke)  
Urub dian sing gedhe kae *dicilikake* (cilikke)  
Kanca-kanca kae *dakjajakake*  
Klambi sing sesak iki *daklonggarake*

**(7) Tembung mawa panambang –i**

Jajan iki *dakbayari*  
Kursi jebol iki *didandani*  
Suket iku *dibubuti*  
Bocah sing nakal kae *dikandhani*  
Pager pring sing thethel iku *ditaleni*  
Bocah sing lara weteng iku *dijamoni*  
Klambine pak gendhut kuwi *digedheni*

**Dudutan :** tembung kang awasana aksara a, i, u, e, o, yen oleh panambang –i, -i 0wah dadi –ni.

**(8) Tembung mawa panambang –e**

Jangkrik iku *sungute* lara  
Jaran iku *sikile* papat  
Gendul iku *tutupe* gabus  
Kebo iku *ulese* lamuk  
Asu iku *tumane* akeh  
Sarwana *klambine* anyar  
Sapi iku *sungune* dhablang  
Sumur iku *lambene* kandel

**Dudutan :** tembung kang awasana aksara a, i, u, e, o, yen oleh panambang –e, -e owah dadi –ne.

**(9) Tembung mawa panambang –mu**

*Alismu* kandel  
*Bathukmu* rada benjut  
*Igamu* kaya gambang  
*Adhimu* ayu tur manis



### **III. *Tembung Rangkep***

#### **(1) Tembung rangkep dwilingga**

- a. tembung dwilingga padha swara
  - abang-abang, bapak-bapak, kanca-kanca, lsp
- b. tembung dwilingga salin swara
  - warna-warni, bola-bali, gonta-ganti, molak-malik, lsp
- c. tembung dwilingga semu
  - andheng-andheng, ondhe-ondhe, undur-undur, lsp

#### **(2) Tembung rangkep dwipurwa**

- laku = lelaku,
- tuku = tetuku
- mala = memala
- guyu = geguyu, lsp.

#### **(3) Tembung rangkep dwiwasana**

- nyuwek = nyuwewek
- busik = besisik
- cuwo = cuwowo, lsp.

### **5. *Tembung Tanduk lan Tembung Tanggap***

#### **(1) Tembung tanduk** (kata aktif) yaiku tembung kriya mawa ater-ater anuswara, apadene tembung kriya tanpa ater-ater.

- turu, tuku, gawe, nyapu, mlaku, mangan, lsp.

#### **(2) Ater-ater anuswara iku ater-ater swara irung, yaiku m, n, ny, lan ng.**

- m + pangan = mangan
- n + tata = nata
- ny + sapu = nyapu
- ng + karang = ngarang.

#### **(3) Tembung tanggap** (kata pasif) yaiku tembung mawa ater-ater tripurusa.

- Ater-ater tripurusa ana 3 macem, yaiku : dak, ko, lan di
- dakpangan, kopangan, lan dipangan.

#### **(4) Ater-ater purusa iku minangka sesulih purusa**

- ater-ater dak minangka sesulih purusa I utawa ater-ater purusa utama (kata ganti orang pertama)
- ater-ater ko minangka sesulih purusa II utawa ater-ater madyama purusa (kata ganti orang kedua)
- ater-ater di minangka sesulih purusa III utawa ater-ater pratama purusa (kata ganti orang ketiga)

#### **(5) Tembung tanduk I-kriya iku tembung kriya tanduk mawa panambang-i** (kata kerja aktif)

- nyilihi, makani, ndukani, lsp.

- (6) **Tembung tanduk ke-kriya iku tembung kriya tanduk mawa panambang-ake** (kata kerja aktif)  
 - nyilihake, ngeterake, ngarangake, lsp.
- (7) **Tembung tanggap i-kriya iku tembung kriya tanggap mawa panambang-i** (kata kerja pasif)  
 - dakpakani, kosilihi, digoleki, lsp.
- (8) **tembung tanggap ke-kriya iku tembung kriya tanggap mawa panambang-ake** (kata kerja pasif)  
 - dakpakake, kosilihake, dibalekake, lsp.

### ***C. PAMILAHE UKARA***

#### **Ukara**

1. Ukara mawa tatanan JW (Jejer Wasesa)
2. Ukara mawa tatanan JWL (Jejer Wasesa Lesan)
3. Ukara mawa tatanan JWLK (Jejer Wasesa Lesan)

#### **Katrangan :**

##### **1. Tuladhane ukara mawa tatanan JW (Jejer Wasesa)**

- Wibowo mangan  
 wibowo = jejer  
 mangan = wasesa

##### **2. Tuladhane ukara mawa tatanan JWL (Jejer Wasesa Lesan)**

- Bapak ngunjuk wedang jahe  
 Bapak = jejer  
 ngunjuk = wasesa  
 wedang jahe = lesan

##### **3. Tuladhane ukara mawa tatanan JWLK (Jejer Wasesa Lesan Katrangan)**

- Ibu mundhut gula ing toko  
 Ibu = jejer  
 mundhut = wasesa  
 gula = lesan  
 ing toko = katrangan

#### **Katrangan (pratelan) ing ukara ana macem-macem, yaiku :**

1. katrangan wayah : esuk, sore, saiki, saben wengi, lsp
2. katrangan cacah : papat, pitu, sethithik, akeh, lsp.
3. katrangan papan/panggonan : ing lapangan, ing toko, ing Jakarta, lsp.
4. katrangan ukur : dowo, cekak, abot, cilik, lsp.
5. katrangan sebab : amarga lara, jalaran lunga, awit isih lara, lsp.
6. katrangan maksud : supaya resik, dimen padhang, kareben waras, lsp.
7. katrangan kahanan : panas, ayem, reged, aman, lsp.

### **Ukara Tanduk lan Ukara Tanggap**

1. **Ukara tanduk** (kalimat aktif) yaiku ukara sing jejere nindakake pegawean
  - Wulandari mbukaki buku
  - Pak Madi mriksani sawahe, lsp(wasesane ukara tanduk arupa tembung kriya tanduk)
  
2. **Ukara tanggap** (kalimat pasif) yaiku ukara sing jejere dikeknani pegawean
  - Buku dibukaki Wulandari
  - Sawahe dipriksani pak Madi(wasesa ukara tanggap arupa tembung kriya tanggap)
  
3. **Ukara kandha** (kalimat langsung) yaiku ukara sing ngandakake omongan liyan kanthi persis
  - Pak Guru dhawuh, “klas enem kudu bisa dadi contone klas-klas ngisore”.
  - Wulandari takon marang Lastri, ”sapa sing mlaku bebarengan karo kowe ?”
4. **Ukara crita** (kalimat tak langsung) yaiku ukara sing nyritakake omongan liyan mung ringkese bae
  - Pak Guru ndawuhi supaya klas enem bisa dadi contone klas-klas ngisore.
  - Wulandari nakoni Lastri bab sapa sing mlaku bebarengan karo dheweke.

### **Ukara Lamba lan Ukara Camboran**

1. **Ukara lamba** (kalimat tunggal) yaiku ukara sing medharake gagasan mung siji.
  - Wulandari tuku sepatu
  - Wibowo nunggang jaran, lsp.
  
2. **Ukara Camboran** (kalimat majemuk) yaiku ukara sing medharakegagasan luwih saka siji utawa ukara lamba sing rangkep.
  - Adhike loma nangimg mbakyune cethil
  - Wirotomo nunggak kelas amargo kesed anggone sinau.

**\*\* SUGENG MAOS \*\***

### **Gladhen:**

Nulisa layang marang liyan (kanca, dulur, lsp) nganggo basa Jawa ngoko kanthi paramasastra sing bener!